Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 13 (6645) 18 март 2019 с. Итни Ражаб 1440 с. Багьа эркенаб



ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## ГIорхъабазул суал: росабазул ва мухъазул нухмалъулезда бараб жо гIемер буго

**Дагъистаналъул ХIукуматалъул вакилзаби щвана ЦIумада, Болъихъ ва Бакълъулазул ракьазде**

**2019 соналъул 13 марталда ЦIумада, Болъихъ ва Бакълъулазул мухъазде ячIана Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул бетIерасул заместитель Екатерина Толстикова. Гьелда цадахъ вачIана республикаялъул ракьул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул рахъалъ министр АгъарахIим КъагьирхIажиев. Гьоркьор лъуна Чачан Республикаялъулгун гIорхъаби мухIкан гьариялъул суалал.**



### МухIканлъи – шартI

Дагъистаналъул ХIукуматалъул хIалтIухъаби цин щвана ЦIумада ва Болъихъ мухъазде, дандчIвана гьел ракьалъул нухмалъулелгун ва дандбана Чачан Республикаялъулгун гIорхъи мухIкан гьабиялъул масъала.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал НурмухIамад ГIалиев, ГIабдурахIман Камилов, Бакълъулазул районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадов, бу-



голъиялъул гьоркьорлъабазул суалазул рахъалъ аслияв махщалилав Умалат МухIамаднабиев, «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал бетIер МухIамад ГIабдунасиров, ЦIиликь росдал бегавул ГIалихан ДавудхIажиев ва цогидалги.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас, муниципалитеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан саламалъулал рагIаби абуна Бакълъулазул районалде рачIарал гьалбадериде.

### Росабазул ва мухъазул хIукмабиги кьочIое росун...

Дагъистаналъул хIукуматалъул бетIерасул заместитель Екатерина Толстиковалъ данделъаразда бичIчIизабуна субъектазда ва муниципалитетазда гьоркьор гIорхъаби мухIкан гьари Российялъул президентасул бихьизабиялда рекъон ва федералиял законазул пункталтIуразелъун тIобитIулеб хIалтIи бугин.

«Дагъистан Республикаялъул административиял гIорхъаби мухIкан гьаризе ниж ана 9 районалде, щибаб муниципалитеталда дандбана гьабизе бугеб хIалтIи, дандчIвана жамгIиял гIуцIабазул вакилзабигун ва хIаракатчагIигун. Ниж хIалтIулел руго Российялъул президентасул тIадкъай ва Российялъул Федерациялъул ХIукуматалъул лъабго хIукму тIубаялда тIад. Гьеніб бихьизабулеб буго административиял гIорхъаби, объектал ва цогидаби кадастровияб хIисабалде росизе кколебгьи. Росреестралъ официалияв баянал хIадурун руго гьеб суалалда хурхун. МухIканаб гIорхъи чIезабизелъун цин цере данде гьаризе руго кинабго материалал, рорхизе руго архивалъулал документал, ахIизе руго гIорхъабазул суалал гьоркьор лъезе данделъаби, хасал рорженал аппаратазул кумекалдалъун рахьизе руго картографиялъул суратал. ГIенеккизе руго бакIалъул гIадамазухъ. Пайда босизе буго нормативиялгун правовиял актаздаса. гьединго тарихиял баяназдаса.

Российялъул Федерациялъул субъектазда гьоркьор гIорхъабазул хIакъалъулъ къотIикъаязда гъулбасал гьарилалде Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъ, районазул депутатазул собраниязул хIукмабиги кьочIое росун, къабул гьабизе ккола хIукму. ХIисабалде босун буго 2019 соналъул ахиралде гIорхъаби мухIкан гьариялъул хIалтIул 75 % лъугIизабизе. Ниж хIалтIулел руго Чачан Республикагун, Ставрополь крайгун, Калмыкиягун,» – ян абуна Екатерина Толстиковалъ.

ГIорхъаби мухIкан гьариялъул районалъул хIалтIулаб группаялда гьорлъе батIибатIияб махщелалъул гIадамал рачун рукIин баян гьабуна Дагъистаналъул ХIукуматалъул вице-премьералъ.

### Данде кколарел бакIал ва халкъалъул хъаравуллъи

Данделъиялда гIахьаллъаразда цеве кIалъазе вахъарав Бакълъулазул районалъул буголъиялъул гьоркьорлъабазул суалазул рахъалъ аслияв специалист Умалат МухIамаднабиевас бицана батIи-батIиял тарихиял заманабазда хIадур гьарурал документазда батIи-батIиял баянал рукIиналъул. Вице-премьералъ тIадчIей гьабуна кигIан кIваниги цIикIкIун документал ва материалал ракIаризе ккеялда ва гьабсагIат хIалтIулеб законалда данде кколедухъ ритIухъго гьеб суал тIубаялде хIадурлъизе ккеялда.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас бицана хIалтIулаб къокъаялъул хIаракатчилъиялъул, гIорхъода ругел росабазул жамагIаталгун дандчIваялъул, мадугьаллъигун цадахъ рекъон хIалтIиялъул кIваралъул хIакъалъулъ. Чачан Республикаялъул НожайЮрт районалъулгун гIорхъаби руго Бакълъулазул районалъул ЦIиликь ва МелъелтIа росабазул.

ГIорхъабазул суалал рорхарал дандерусиназда гьединго кIалъазе рахъана Халкъияб Собраниялъул депутатал, росабазул жамагIатазул вакилзаби ва цогидалги. Гьеб хIалтIуда гьоркьоб жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго чияда рачIел экспертаз, тарихчагIаз ва блогераз. Заманаялъ бихьизабила нилъер гIорхъабазул масъала кин тIубалебали. МагIарул халкъалъе ва тIолалго дагъистаниязе бальго гьеб хIалтIи гьабизе бегьуларо. Гьелда хадуб кидагосеб хъаравуллъи буго Дагъистаналъул гIемермиллатазулаб халкъалъул.

**ГIизудинил ХIамзат**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Налогал ракIари хехлъизаби, 1960 гектаралда ихдалил рекьи, ГИА кьеялде хIадурлъи…**

-2 гьум.



**МелъелтIа – Щабдухъ шагьранух къачIан лъугIулеб буго**

-2 гьум.



**Анлъго школа цIигьабизе хIисабалде босун буго**

-2 - 3 гьум.



**Как ахIиялъул конкурсалда бергьана МелъелтIаса Шамил Батирмирзаев**

-3 гьум.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.

Инхоса Пали-хІажи

№ 13 18 март 2019 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Налогал ракІари хехлъизаби, 1960 гектаралда ихдалил рекьи, ГИА кьеялде хІадурлъи…

### Ихдалил хурулал хІалтІабазде хІадурлъиялъул хІакъалъулъ суалал рорхана Бакълъулазул районалда

**11 марталда Бакълъулазул районалъул администрациялда тІобитІараб данделъиялда гьоркьор лъуна ихдалил хурулал хІалтІабазде хІадурлъиялъул хІакъалъулъ ва цогидалги кІвар бугел суалал.**



Данделъиялда гІахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хІалтІухъабаз, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулез, районалъул администрациялъул аппаратальул, бакІалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзабаз.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас.

Федералияб казначействоялъул управлениялъул Дагъистан Республикаялда бугеб № 19 Гумбеталъул отделалъул нухмалъулев АхІмад Мансуровас борхана Федералияб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъгун цадахъ лъугьун налогазул налъаби лъугІизариялда тІад юридическиялги физическиялги лицаби хІалтІизе ккеялъул суал.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТІалхІат Жамалудиновас бицана батІи-батІияб категориялъул гражданазе пенсиял кьеялъул, стажалъул ва пенсионнияб политикаялъул цогидалги рахъазул хІакъалъулъ.

Централияб больницаялъул бетІерав тохтурасул ишал тІуразарулев МухІамадхІабиб Абакаровасул рагІабазда рекъон, гьабсагІат больницаялда сах гьавулев вуго 42 чи, медицинаялъул учреждениял хьезарун руго дарабаздалъун, лъедалъун.

Бакълъулазул гІолилазул централъул нухмалъулесул заместитель Заур Халидовас бицана гІолилазул политика гІумруялде бахъинабиялъе гьабулеб бугеб хІалтІул. МахІачхъалаялда тІобитІана рагъухъан-интернационалист МухтарахІмд КъурамухІамадов ракІалде щвеялъул столалда теннис хІаялъул къецал. «Труд» стадионалда унеб буго «Радал мех байбихье зарядка гьабиялдасан» абураб акция. Бакълъулазул росабалъ гІолилазул гІуцІабазул вакилзаби хІалтІулел руго хІаракатчагІазулгун щулияб бухьенги ккун, проектал гІумруялде рахъинариялда тІад.

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас баян гьабуна МелъелтІа-ГІанди шагьранух цІигьабун къачІаялъе проекталъулал хІалтІаби унел ругин, районалъул централде газил мухъ бачиналъул бугеб хІал, гІолеб къадар лъел росулъе бачІунеб бугин.

АПКялда бугеб хІалалъул бицана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.

«Бакълъулазул районалъул росабалъ ва магІишатазда унеб буго ихдалил хурулал хІалтІабазде хІадурлъи. Хъутабазда байбихьана ихдалил культураби рекьизе. Хъутабазда цо хасаб къадар ракьалда хьазе руго ихдалил пурчІинадул, ролъул хьонал. ГІагараб заманалда «Мехельтинский» СПКялда 90 гектаралда рекьизе руго пастІабазул культураби. Имам Шамилил цІаралда бугеб СПКялда 100 гектар ракь хІадурана суданка ва люцерна бекьизе.

Хьиндаллъиялъул зоналда тІад ран унел руго ахакь хІалтІаби: гъутІби кІури, цІиял чІорал рацІцІин. Хурзабахъ ва ахакь субботникал тІоритІулел руго. Районалъул СПКяз ДРялъул лъел магІишаталъул министерствоялъулгун къотІаби хъвазе ккола лъалъадиялъе лъим биччаялъе. Нижеца росдал магІишаталъул предприятиял ахІулел руго законалъул тІалабазда рекъон хІалтІизе, киналго налогал рецІизе, хайир щвеялъе гІоло хІалтІизе», - ян абуна Ибрагьим Ибрагьимовас.

Араб анкьалъ районалда тІоритІана Пафнутий Чебышевасул цІаралда хІисаб гІелмуялъул олимпиада ва «ЧІагояб классика» конкурсалъул мунициплияб этап. Лъайкьеялъул учреждениял хІадурлъулел руго ГИА кьеялде. Лъайкьеялъул бутІаялда бугеб хІалалъул бицана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас.

Районалъул администрациялъул финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухІма Халидовас гІахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна гьеб бутІаялда бугеб хІалалъулгун. МугІалимазе хІалтІухъ мухь кьеялъулъ лъикІалан хиса-басиял ккана. Школазул директорал ругьунлъизе ккола цІиял шартІазде. Буголъиялдаса, транспорталъул ва цогидалги налогал ракІари хехлъизабизе кколаян абуна Халидовас.

Коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетІерасул кумекчи НурмухІамад ГІизудиновас бицана бизнес-сообществоялъул, предприятиязул хІаракатчилъиялъе шартІал чІезариялъул, декларациялъул кампаниялъул болжал халат бахъинабун букІиналъул.

Районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас данделъиялъул хІасилал гьаруна, кІвар буссинабуна тІоцебесеб иргаялда тІуразаризе кколел масъалабазде, киналго ахІана тІадегІанал хІасилал щвезелъун лъикІ хІалтІизе ва гІадамазул гІумруялъул даража борхизабизе.

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# МелъелтІа – Щабдухъ шагьранух къачІан лъугІулеб буго

### 20 км нухлул цІигьабулеб буго ИчичІалиса МухІамад Дибировас

**Бакълъулазул районалда гьабулеб буго МелъелтІа – Щабдухъ – ИчичІали шагьранух къачІаялъул хІалтІи. Ахиралде щолеб буго МелъелтІа – Щабдухъ шагьранух гІатІид гьаби ва битІизаби.**

«Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъе тендер бергьана МелъелтІа – Щабдухъ шагьранухлул 2-3 км ва 12-14 км къачІазе. Гьеб нухлул 11 километр цІигьабулеб буго ИчичІали росулъа сахаватчи МухІамад Дибировас.



ИчичІали росулъе 4 км. манзилалъ лъим бахъизе кумек гьабуна, цІигьабун къачІалеб буго МелъелтІа – Щабдухъ нухлул 11 км, хІисабалде босун буго Щабдухъ – ИчичІали шагьраялъул 9 километр цІигьабизеги. Кинабниги 20 километр нух цІигьабун къачІазе сурсат кьолеб буго гьес. Гьеб ккола нилъер росабазе бугеб кІудияб кумек.

«Сельсовет “Цунди-Щабдухский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетІерасул заместитель Мавлидин Мурадовас бицана ремонталъулал хІалтІаби тартибалда унел ругилан ва гьаб соналъул 20 марталде лъугІулилан.

«Нухал гьанже гІатІилъун руго, хІинкъи гьечІел лъугьун руго, транспорт хьвадизе санагІатаб хІалалъ руго. Нухлул гьеб участок лъугІидал, байбихьизе буго Щабдухъ – ИчичІали нух къачІазеги», – ян абуна Мавлидиница.

Шагьранух къачІалаго тІуразарулел хІалтІабазул бицана «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас: «Нух лъикІго битІизабуна, гьенибе баччулеб буго сали, чабах, хутІун буго 300 метр».

Маданиябгун хІухьбахъиялъул идараялъул нухмалъулев, ичичІалисезул гІертІал гьариялъул устар МухІамад Ханахъаевас бицана сахаватчи МухІамад Дибировас гІадамазе пайдаял ишал гІемер гьарулилан.

«Районалъул администрациялъгун цадахъ МухІамад Дибировас ИчичІали росулъе ИчичІали росулъ бана мина, тІалабагъаз гьабула магІарухъ яшав гьабулел росуцоязул, гьезул рукІа-рахъин лъикІлъиялъулъ мустахІикъаб бутІа лъола», – ян бицана МухІамад Ханахъаевас.

МелъелтІа – ИчичІали шагьранух къачІан лъугІидал, нижер росабалъе туристазулаб сапар гьабизе бегьула. ИчичІали буго рорхатал мугІрузда бугеб, пахьул тІагІелал гьарулел устарзабаздалъун машгьураб росу. Нух цІигьабидал, нижер росу туристазе бокьулеб бакІлъун лъугьине буго.

Бакълъулаз жигараб гІахьаллъи гьабула халкъиял ишал гІумруялде рахъинариялъулъ, гьеж гурун, гвай бан, жамагІаталъул газа кьурда бан, цадахъаб хІалтІи гьабула, жамгІияталъул хІал лъикІлъизаби мурадалда. Бакълъулазул мухъалъул гІадамаз гІарцулаб ва хІалтІулаб квербакъи гьабулеб буго Бузнасан нух бахъулеб бакІалдаги, ГІиса аварагасул (гІ.с.) цІар кьураб рухІияб централдаги, цоги ишазда гьоркьобги.

**ГІизудинил ХІамзат**

РОРХАТАЛ МУГІРУЗДА РУГО ГІАДАМАЛ

# КамАЗ гІазул гІансалъ къана

### ХІаригабурлъиялъул гудрал

**2019 соналъул февраль моцІалда, ХІаримагІарда къуватаб гьури бахъун, гІазу бан, гІансаз шагьранухал рацана. Пуй тІадчІвана Хасавюрталдаса магІарухъе рачІунел нижедаги. КамАЗ машина гІансалъ къана, Аллагьасул талихІалъ, авария ккечІого хутІана.**

ЗахІматаб ахІвал-хІалалде ккарал нижее кумекалъе рачІана «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул хІалтІухъаби – мастер ХІажима Багьавудинов, бульдозеристал Давудбег ГІабдулгІазизов, АхІмад Нуцалханов, МухІамад Сайгидов.

Бокьун буго ниж хвасар гьарурал нухазул идараялъул гьел хІалтІухъабазе газеталдасан баркала загьир гьабизе. Хасалил заманалда ХІаримагІарда къварилъиялде ккаразе кумек гьабизе хІадурал, гьенисан шагьранух автотранспорт хьвадулеб хІалалъ гІазул гІансаздаса бацІцІад гьабулел нухлул идараялъул хІалтІухъабаздаса Аллагь развилъаги, кирилъун хъваги.

**Мавлутил МухІамад, МелъелтІа росу**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦІУМУР

# Анлъго школа цІигьабизе хІисабалде босун буго

### «150 школа» проекталда гъорлъе рачине школал тІаса рищана

**2018 соналда, «100 школа» проекталда рекъон, Дагъистаналда цІигьабуна 117 лъайкьеялъул идара. Бакълъулазул районалда, гьеб проектги гІумруялде бахъинабулаго, школал къачІаялъул хІалтІаби гьаруна Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтІа аслияб школазда.**

2019 соналда проекталъул шартІал дагьал хисана. Гьанже гІей гьабулеб гьечІо капремонталда, разе руго лъайкьеялъул цІиял гІуцІабиги.

**Ахир - 3 - аб. гьумералда)**

# Анлъго школа цIигьабизе хIисабалде босун буго

(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)

Бакълъулазул районалда хIисабалде босана басралъарал минаби ругеб 6 школа гьеб проекталда гъорлъе ккезабизе.

ЦIиликь гьоркьохъеб школалда тIубанго хисизе ккобачине, классазул рукъзал гьоркьоса кьотIарал бакIал кьачIазе, Кунзахъ аслияб школалда – жанисел ва кьватIисел ремонталъулл хIалтIаби гьаризе, гьединго гордал ва нуцIби хисизе, хинлъиялъул рогIрал




ла хинлъизариялъул гIуцIи. ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул тIохалъе капремонт гьабизе, щулалъиялъе къадал гьаризе, котел ва хинлъиялъул цо-цо батареял хисизе ккола.

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда нуцIби хисизе ва цIияб тIох лъезе, Килалъ гьоркьохъеб школалда киналго гордал, нуцIби хисизе, цо-цо бакIалда гIодочIабар кьачIазе ккола. Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалда хIажат буго тIох, нуцIби хисизе, хинлъиялъул гIуцIи рукIалиде лъезе ва цогидалги хIалтIаби гьаризе.

Лъабго школалъе къайимчагIи руго, гьез цо къадаралъул гIарцулаб кумекги гьабизе буго. ЧIиркъатIа ва Килалъ гьоркьохъел школазе кумек гьабизе буго «"Гамма" компаниязул кьокъа» ООО-ялъул нухмалъулев ХIамид МухIамадовас, Кунзахъ аслияб школалъе – «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас.

**Хадижат Мазгарова**

КАКИЛ САГIАТ

# Как ахIиялъул конкурсалда бергьана МелъелтIаса Шамил Батирмирзаев

### Гьесие шапакъат кьуна МахIачхъалаялъул аслияб мажгиталъул имам Зайнула Атаевас

**МахIачхъалаялъул аслияб мажгиталда тIобитIана как ахIиялъул республикаялъулаб конкурс. Гьениб тIоцебесеб бакI ккуна Бакълъулазул ракьалъул МелъелтIа росулъа Шамил Батирмирзаевас.**

Республикаялъулаб конкурсалда гIахьаллъана 80 чи. Аслияб мажгиталъул имам Зайнула Атаевас бергьенлъи босаразе ва призеразе кьуна ракIалде щвеялъул ва гIарцулал сайгъатал.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас Шамил Батирмирзаевасе баркана бергьенлъи боси ва гьарана сахабщинаб.




**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА – ХАЛКЪАЛЪУЛ ТАРИХ

# МагIарул мацIалъе ва журналистикаялъе кьураб гIумру

### ГIемерсоназулаб хIалтIуе гIоло «Гумбет» газеталъул хIалтIухъабазе шапакъатал кьуна

**«Гумбет» басмаялъул редакциялда тIобитIана журналистлъиялъул хIалтIуе бащдаб гIасруялдаса цIикIкIун заман кьурал хIалтIухъаби кIодо гьариялда хурхун данделъи. ГIемерсоназулаб журналистлъиялъулаб хIалтIуе гIоло газеталъул жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисовалъе ва корреспондент ГIайшат Исламбиевалъе кьуна хIурматалъул грамотаби.**

Церегосел хIалтIухъаби кIодо гьариялъул рохалилаб данделъи рагьана ва бачана «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Россиялъул хьвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас.

«Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова редакциялда хIалтIизе ячIана 1967 соналъ. Кидаго гьелъ халкъалъулгун щулияб бухьен ккола, рорхула кIвар бугел суалал. Хъвала




батIи-батIияв темабазда макъалаби.

Корреспондент ГIайшат Исламбиева хIалтIулей йиго 1966 соналдаса. БакIалъулаб радиовещаниялъул корреспондентлъунги йикIана гьей. ХIалбихьи бугей хIалтIухъан йиго ГIайшат.

ГIемерсоназул хIалбихьи бугел журналистаз жидерго лъай гIахьал гьабулеб буго гIолохъанал хIалтIухъабазе», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

ХIадисовалъе ва Исламбиевалъе гьединго кьуна аваразул литератураялъул классик Инхоса ГIали-хIажиясул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ тIахьал, аваргIурус словарал.

**Гумбет» РИО**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# Къуръан цIалулезул конкурс тIобитIана ЦIияб Аргъвани росулъ

**Бакълъулазул районалъул ЦIияб Аргъвани росулъ тIобитIана ХIайбула МухIамадханов ракIалде щвеялъул хIурматалда, хирияб Къуръан битIун цIалиялъул конкурс. Гьелъул гIуцIарухъабилъун ва спонсораллъун рукIана ХIайбу-ла МухIамадхановасул гIагарлъи ва Аргъвани росдал имам Шамил ГIабдусаламов.**

Къецал тIоритIана лъабго номинациялда: 12 сон бачIел, 12 ялдаса 18 соналде щвезегIан, гьединго 18 ялдаса 50 соналде щвезегIан ва тIадехун сонал рарал гIахьалчагIазда гьоркьор. Къецазда гIахьаллъана 100 ялдаса цIикIкIун чи. Конкурсалъул призовияб фонд букIана 200 азаргогIан гъурущ. Конкурсалда гIахьаллъаразе къимат кьуна анлъго чиясдасан гIуцIараб жюриялъ.



Конкурсалъул хIасилал гьарун, 12 сон бачIел лъималазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI МухIамад МухIамадовас, кIиабилеб бакI ГъазимухIамад Жамалудиновас, лъабабилеб – МухIамад Зубайировас ккуна. 12-18 сон баразда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе АхIмад Расулов, кIиабилелъе – Шамил Гъазгереев, лъабабилелъе – МухIамад АбулхIасанов мустахIикълъана. 18-50 ва тIадехун сонал раразда гьоркьоб тIоцебесеб бакI СултанмухIамад ХIажиевасе, кIиабилеб – МухIамад МухIамадназировасе, лъабабилеб НурмухIамад НурмухIамадовасе щвана. Бергьаразе кьуна сайгъатал ва гIарац. Конкурс лъугIун хадуб тIобитIана мажлис. Гьениб гIахьаллъи гьабуна мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил Магьди ГIабидовас, Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назировас, районалъул росабазул имамзабаз ва цогидалги диниял церехъабаз.

**«Гумбет» РИО**

# «Об обеспечении безопасности при использовании газового оборудования в жилищно-коммунальном хозяйстве»

**В настоящее время в быту, очень широко используется бытовой газ. Бытовой газ не имеет ни цвета, ни запаха, но, для того чтобы можно было обнаружить его утечку, в него добавляют специальные вещества, имеющие специфический запах.**

Утечка газа может привести к отравлению человека и взрыву помещения. Таких случаев по России мною, к примеру, взрыв бытового газа накануне нового года в жилом 10 ч и этажном доме г. Магнитогорска Челябинской области при котором пострадало 63 чел. (39 погиб.)

За истекший период 2019 года на территории республики зарегистрирован 8 происшествий с нарушением эксплуатации бытового газового оборудования, при которых пострадало 8 чел., к сожалению, погиб 3-х летний ребенок.

Многие часто забывают о том, что собственная безопасность, а также безопасность соседей и родственников - это забота не только сотрудников МЧС и газовой службы, но и самих потребителей. И только правильное использование газа в быту, соблюдение правил безопасности при эксплуатации газовых приборов позволит избежать многих бед, вызванных неосторожным обращением с «голубым» топливом, и сохранить жизнь себе и своим близким.

В целях обеспечения безопасности при использовании газового оборудования в жилищно-коммунальной - хозяйстве Главным управлением МЧС России по Республике Дагестан проводится комплекс профилактических мероприятий, направленных на снижение количества пожаров и гибели людей.

Проводимая работав основном направлена на профилактику пожаров и происшествий, связанных с эксплуатацией газового оборудования населением. Удалось добиться снижению количества пожаров.

Сотрудниками пожарного надзора регулярно проводится разъяснительная работа о мерах пожарной безопасности в

трудовых коллективах, на объектах с массовым пребыванием людей, в жилом секторе.

В рамках проведения ежегодных надзорно-профилактических операций «Жилище» и «Пожароопасный период».

Публикуются статьи в печатных изданиях, материалов на интернет-порталах, организовывается оповещений о мерах пожарной безопасности по громкоговорящей связи на вокзалах и рынках, информацию по радио, выступают на телевидении,

**(Продолжение - на 4 стр.)**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# ЦӀилкьадерил сверудаса бахъараб...

## БукӀина хъил тӀураб нух

**ЦӀилкьадерил сверудаса МелъелтӀа росдада нахъе щвезегӀан, 4 км манзилалда, нухда хъил тӀезе бугилан бицана МелъелтӀа росдал бегавул МухӀамад ГӀабдунасировас. Гьеб нух букӀана хасалоги риидалги санагӀалъи гьечӀеб хӀалалда.**

Нухда хъил тӀезе тӀаде босун буго Дагъавтодоралъ. Гьал къоязда проект бахъизе рачӀун рукӀана гьеб идараялъул специалистал. Ункъо къоялъ хӀалтӀана проект бахъиялъул суалалда тӀад.

Хъил тӀелелде, гьез гӀатӀид гьабизе буго нух. КӀкӀалал ругел бакӀазда лъезе руго лъим жанисан ине гӀатӀидал рогӀрал. БакӀ-бакӀазда нухлул рагӀаллъабазда, ракьанлъабазда гьаризе руго щулалъиялъул къадал, хисизе руго нухда ругел токил хӀубал. Март – апрель моцӀаз проект бахъун лъугӀинеги гьабун, гьез хӀалтӀи гьабизе байбихьизе буго май – июнь моцӀазда.

**ГӀайшат Исламбиева**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Взыскание по исполнительным листам не может быть обращено на денежные выплаты социального характера

**Федеральным законом от 21 февраля 2019 года № 12-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «Об исполнительном производстве» созданы правовые механизмы, исключающие возможность обращения взыскания на денежные выплаты должника социального характера и на которые в соответствии с законодательством не может быть обращено взыскание.**

В частности установлено, что лица, выплачивающие должнику заработную плату и (или) иные доходы, в отношении которых статьями 99 и 101 Федерального закона от 02.10.2007 № 229-ФЗ «Об исполнительном производстве» установлены ограничения и (или) на которые не может быть обращено взыскание, обязаны указывать в расчётных документах соответствующий код вида дохода. Порядок указания кода вида дохода в расчетных документах будет устанавливать Банк России.

Банк или иная кредитная организация, осуществляющие обслуживание счетов должника, обеспечивают соблюдение требований, предусмотренных названными статьями, на основании сведений, указанных в расчётных документах лицами, выплачивающими должнику заработную плату и (или) иные доходы.

Если должник является получателем денежных средств, в отношении которых статьей 99 настоящего Федерального закона установлены ограничения и (или) на которые в соответствии со статьей 101 настоящего Федерального закона не может быть обращено взыскание, то банк или иная кредитная организация, осуществляющие обслуживание счетов должника, производят расчёт суммы денежных средств, на которую может быть обращено взыскание в порядке, установленном Минюстом России по согласованию с Банком России.

Кроме того, лица, выплачивающие должнику заработную плату и (или) иные доходы путем их перечисления на счет должника в банке или иной кредитной организации, обязаны указывать в расчетном документе сумму, взысканную по исполнительному документу.

Перечень видов доходов, на которые не может быть обращено взыскание, дополнен пособиями гражданам, пострадавшим от чрезвычайных ситуаций (денежные средства, выделенные гражданам, пострадавшим в результате чрезвычайной ситуации, в качестве единовременной материальной помощи и (или) финансовой помощи в связи с утратой имущества первой необходимости и (или) в качестве единовременного пособия членам семей граждан, погибших (умерших) в результате чрезвычайной ситуации, и гражданам, здоровью которых в результате чрезвычайной ситуации причинен вред различной степени тяжести).

Федеральный закон опубликован на официальном интернет-портале правовой информации http://www.pravo.gov.ru 21.02.2019 и вступит в силу с 01.06.2019.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

АПК

# Осторожно: опасные паразиты

## Главам АСП и жителям Гумбетовского района

**Согласно письму Управления Россельхознадзора Республики Дагестан и в целях реализации государственной политики Российской Федерации в области защиты населения и территории от чрезвычайных ситуаций (Указ Президента РД от 11 января 2018 года №12) информируем вас о возможном заносе на территорию района потенциально-опасных карантинных объектов - коричнево-мраморного клопа, многоядной мухи- горбатки и табачной белокрылки.**

Данные вредители относятся к категории многоядным и чрезвычайно опасным. Распространяются с подкарантийной продукцией, особенно плодоовощными, саженцами, растениями, климатические условия Дагестана (района) могут способствовать успешной акклиматизации, развитии и распространения их.

Учитывая, что сельское хозяйство района является приоритетной отраслью экономики, несвоевременное выполнение карантинных мероприятий по выявле¬нию, локализации и ликвидации опасных вредителей ставить под угрозу производство плодово-ягодных, овощных, зерновых и других культур.

В случае выявления подозрительного объекта, необходимо немедленно сообщить в отдел экономики, сельского хозяйства и имущественных отношений района по телефону 26275 или в Управление Россельхознадзора по Республике Дагестан по телефону 8(722)780304.

**Ибрагим Ибрагимов, заместитель начальника отдела экономики, сельского хозяйства и имущественных отношений**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Прокуратура Гумбетовского района выявила существенные нарушения санитарно-этидемиологических требований в организации питания в образовательных учреждениях района

Прокуратурой района по заданию прокуратуры Республики Дагестан на поднадзорной территории проведена проверка соблюдения законодательства при организации питания обучающихся и воспитанников образовательных организаций района.

В соответствии с п. 1 ст. 17 Федерального Закона от 30 марта 1999 года N 52-ФЗ «О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения» при организации питания населения в специально оборудованных местах (столовых и других), в том числе, при приготовлении пищи и напитков, их хранении и реализации населению, для предотвращения возникновения и распространения инфекционных заболеваний и массовых неинфекционных заболеваний (отравлений) должны выполняться санитарно-эпидемиологические требования.

В ходе проверки проведенной в образовательных учреждениях района выявлены нарушения санитарно-эпидемиологических требований к организации питания учащихся. В частности, повсеместно выявлены нарушения ст.11, 17, 28, 50 ФЗ № 52 от 30.03.1999г. «О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения», а также пунктов 6.9, 15.13 СанПин 2.4.1.3049-13 по формированию меню и оценке рационов питания.

В связи с этим, в отношении виновных должностных лиц учреждений возбуждены 16 дел об административных правонарушениях по статье 6.6 КоАП РФ (нарушение санитарно-эпидемиологических требований к организации питания населения в специально оборудованных местах).

Кроме того, в адрес начальника управления образования внесено представление об устранении нарушений.

Рассмотрение актов реагирования и устранение нарушений прокуратурой района взяты на контроль.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

# «Об обеспечении безопасности при использовании газового оборудования в жилищно-коммунальном хозяйстве»

**(Начало - на 3 стр.)**

проводятся рейдовые осмотры многоквартирных жилых домов и социальных объектов.

В частном жилом секторе проводится по дворовые обходы с раздачей листовок, памяток о мерах безопасности, при использовании бытовых газовых устройств.

В мечетях по пятницам проводим профилактические работы о мерах безопасности.

С разработанным графиком применятся мобильные комплексы информирования и оповещения населения (МКИОН), с выездом места массового пребывания людей по городам и районам республики.

Чтобы предотвратить это, необходимо соблюдать ряд элементарных правил безопасности при пользовании бытовым газом:

Пройти инструктаж по безопасному пользованию газом в эксплуатационной организации газового хозяйства, иметь и соблюдать инструкции по эксплуатации приборов.

**Абдулазиз Абдулаев, начальник ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**




БетӀерав редактор ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХӀадисова
Корреспондентал: ГӀайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.